


Poukisa lekòl
fèmen?

Kite-m pale-a de
COVID-19!



Anpil doktè ak moun save yo
ap travay sou medikaman pou
ke COVID-19 pa fè plis moun
malad, men pou konnye a...



Kisa COVID-19 la ye?



Tounen yon Bouro pou
mikwòb !

Se yon nouvo mikwòb ke yo
rele Kowonaviris tou.



✓ Lave menw avan ou manje,
avan ou manyen figi ou, epi apre
ou finn itilize twalèt

✓ Chante ti chante “bòn fèt” ou
konn chante pou anivèsè a
pandan wap fwote menw
jiskaske ou fini

✓ Si ou ap touse oswa ou etènye,
itilize koud ou pouw kouvri nen
w ak bouch ou

✓ Rete lakay ou toutan ou kapab,
epi pale ak zanmi, fanmi nan
telefòn oubyen sou entènèt

✓ Ede fanmi ou nan fè ti travay
chak jou!

✓ Mande yon granmoun kew fè
konfyans pou reponn kesyon ke
ou genyen yo, e di li siw santi ou
pè. Se nòmal! Medite, fè egzèsis
fizik, epi li liv. Sa ka ede.



Li ka fè moun malad,
tankou se lè yo gen
larim oswa grip.



COVID-19 renmen pran
woulib paske li pa
genyen pye pou li
mache. Kidonk li renmen
vwayaje nan ti gout dlo
ki tèlman piti ke ou pa ka
wè yo. Lè yon moun
etènye oswa touse, li tou
pwofite pran woulib nan
ti krache ki voye yo.

Li ka kole tou sou kèk bagay tankou
manch pòt ak telefòn.

Li pa renmen savon e li
disparèt lè ou lave
men ou.



Kreye pa COVID-19 Health
Literacy Project an
kolaborasyon avèk
Harvard Health Publishing

Reviewed by:
Rachel Conrad, MD
Gene Beresin, MD, MA
Baruch Krauss, MD, EdM
Edwin Palmer, MD, MPH
Janis Arnold, MSW, LICSW
Chloë Nunneley, MD
Carolyn Snell, PhD
Kristin Barton, MA, CHES
Erin Graham

Si tout moun fè tout sa yo kapab pou rete an sante, gen plis
chans pou moun ki nan antouraj yo rete an sante tou.



- Pa manyen je ou oswa figi ou
- Pa bay akolad, ni pa anbrase granparan ou oswa lòt moun
- Pa pè si ou ta santi ou malad
Di yon granmoun ou fè
konfyans sa epi repoze ou
pou yon ti tan pouw kapab
retounen an sante ankò.